

Pafwa li difisil pou
mande èd.

Li ka difisil pou pale de
pwoblèm ou.

Ou ka pa konnen a ki
moun pou pale.

Ou ka pa konnen ki
sa pou mande.

Lòt paran ka fè
li pi fasil pou ou.

Depliyen sa-a se travay
Opening Doors, an kolaborasyon
avèk paran k-ap viv nan kominote
nan zòn Gran Boston

ak
Institi pou Integrasyon Kominotè
ki nan Umass Boston


• • •

Lopital pou Timoun nan Boston

• • •


Konsòsyòm nan Massachusetts
pou Timoun ki Bezwen Swen
Espesyal pou Sante

Eske pitit
ou-a parèt
diferan?



Si tèt ou ta chaje
ak pitit ou,
fè yon premye
pa pou jwenn
èd pou li:

Tanpri pran liv sa!



Petèt ou ka panse pitit ou pa byen devlope.

Petèt se yon doktè ki te di ou ke timoun nan gen yon pwoblèm medikal.

Petèt se kab yon pwofesè lekòl ki dekouvri pwoblèm nan.

Kòman lòt paran ka ede ou?

Ou kapab pale ak lòt paran ki gen memm eksperyans sou pwoblèm sa-a.

- Y-ap konprann pwoblèm ou.
- Yo ka ba ou yon pakèt lide sou moun ak kote ki ka ede-w.
- Yo ka ede-w jwenn enfòmasyon nan lang manman-w.
- Ou kapab kwè ke konvèsasyon-w ap rete prive.



Kòman ou kapab jwenn paran sa-yo?

- Ou ka rele paran ki ka ede-w nan nimewo sa: **1-800-905-8437 mande pou Family TIES of Massachusetts.**
- **Ou pa bezwen konnen sa pou ou mande.** Paran ke ou ap pale avèk li-a te jwenn èd pou pitit li; l-ap konnen ki jan pou li ede-w. Li ka pale-w de pwogram nan.
- Sèlman di ke ou rele paske ou bezwen pale ak yon paran ki **konnen kòman pou jwenn èd ak pitit ou.**
- Moun ke w-ap pale avèk li-a konnen ke vi prive-w enpòtan e l-ap gade pawòl ou **sekrè.**
- Si ou bezwen èd nan **lang manman-w**, y-ap ede-w nan sa tou.



* Family TIES of Massachusetts se yon pwojè de Federasyon pou Timoun ki gen Bezwen Espesyal